ÑAAREELU NJÀNG: ÑAKKA DÉGGÓ

NAOD LEMMA
DAREGOT

CI TËNK

Daregot, benn film bu ndaw bu Naod Lemma def buy wax ci benn njaboot ci Awabel ci Ethiopie. Waa kër googu de seen ngiirub dund mësuñu am kuraŋ. Film bi dafay wone ni ñu gise ni ñuy seetaane njiiti adduna bi daje di waxtaan ci soppiteeg kilima bi. Ci sottante xalaat ak aktiwite, njangat mii dafay faramface soriwantoo bi am ci diggante njiit yi ak nit ñi néew doole ñoo xamantane nii ñooy faral di gëna sonn ci yooyu njiit yi di tëral.

Li Ni Ci Sééntu:

1. Jangkat yi dinañu gis li njaboot gii di dund bés bu nekk ci biir seen dëkkuwaay te amuñu kuraŋ
2. Jangkat yi dinañu mëna jéex baat yi njiit yi jëfandikoo ngir mëna xam bu baax jafe-jafe yi ci sop piku kilima bi ak ñakkum eneersi ci Ethiopie.
3. Jangkat yi dinañu mëna xalaat ci yoon yi njiit yi di tëral ak nit ñi ci dëkk yi néew doole.
4. Jangkat yi dinañu xool gis-gis yi bari yu wute yu film bi wone te dinañu mëna joxe seen xalaat.

Tërëlinu Njàng Mi (60 simili):

1. Dalal bi: 5 simili
2. Wone film bi: 5 simili
3. Weccoo xalaat ci ay mbooloo yu ndaw: 15 simili
4. Waxtaanak ki nekk sa wet: 10 simili
5. Aktiwite yi: 20 simili
6. Tëj waxtaan wi: 5 simili

Baat Yu Am Solo:

Ñi bokk dëkk, Soppiku kilima bi, Baraas, Ñakka jokkoo, Ñakka déggó, Kattan/Eneersi, Ñakkum Eneersi, Ñi jiite politik bi, Ñi am doole ak ñi ñakk doole, Dekkalaat

Njiit yi: Greta Thurberg, Ban Ki-Moon, Sahle-Work Zewde, Donald Trump

Jumtukaay:

1. Kayit yi ñuy wara defe actiwite yi (ñu tiire leen) **2.** Li ñuy binde (crayons, big, ay markëër walla)

1 UBBITE BI (5 SIMILI)

Dalal jangkat yi

Tay dañuy seetaan benn film bu ndaw ci bu wone naka la benn njabootu waa Ethiopie di dunde bés bu nekk ci seen dë ci Awabel. Film bi dafay caytu diggante waa kér googu ak eneersi ak soriwantoo vi nekk ci seen diggante ak njiiti adduna bi di tëral ay yoon seeni dund.

L: Kan moo xam baatu ndóólub eneersi?
L: Lu muy tekki walla lu mu leen di jox?
T: Ñakka jot ci eneersi yu bees yu xew yi, lu mel ni kuraŋ, ak li ko wër liy tax ba nit ñi duñu jot ci eneersi bu doy ngir saafara seen begg-begg.

Ni li ëpp genn wall waa Ethiopie yëpp, njaboot gii dafa dëkk ci ab gox bu amul kuraŋ. Bunu seetaanee film bi ba pare, dinanu liggéeyandoo ci ay aktiwite ngir amal ay waxtaan, ci wallu sunu biir ak ci wallu adduna bi yëpp, ci mbirum ñakkum eneersi. Ci biiri waxtaan yooyu dinanu xool yan dégg-dégg lanu am ci ñakka déggó bi nekk ci diggante waa Ethiopie ak nii jiite adduna bi ak yoon yi ñuy tëral ni ñuy gallankoore dundum waa Ethiopie.

2 WONE FILM BI (5 SIMILI)

Dinanu seetaan film bi, te mu tudd “Daregot” te artist bi tudd Naod Lemma def ko, moom ci Addis Abeba la nekk.

JËF: Bunuy seetaanandoo film bi, nanu fexe xalaat ci lii

1. Lan ngeen gis ci li njaboot gii di dund ci film bi?
2. Lan la film bi di wone ci seen xalaat?

3 SOTTEENTE XALAAT CI MBOOLOO (15 SIMILI)

Xalaatleen ci film bi nu seetaan sanq ak li ngeen ci gis.

L: Yan liggéey la waa kër gii di def ak loxo ci biir film bi?
T: Defar li jëm ci togg, togg, defar ay jumtukaay, raxas, ak yeneen.
L: Lan ngeen gis ne moom la ñii bokk ak seeni dëkkandoo?
T: Yeewu ci li ñu am ci suuf si te mu wër leen.

Tambalee ko ci boyal xal ba ci togg, walla defar ay jumtukaay, liggéey bu nekk ak loxo lañu ko defe ak maccaay bu wér te amuñu lenn ci kuraŋ. Kenn ku nekk sa loxoo ngi ci, ñu ndaw ñi sax angi ci biir ndax noonu lañuy jange di seetaan te di ci jàpp. Waa kër gii xam nañu bu baax li ñu am te mu wër leen.

L: Bu waa kër gi toogee di seetaan tele, lan lañuy seetaan?
L: Kan mooy wax ci tele bi?
L: Naka ngeen di xaymaa ni ñuy dunde lii bees ci ñoom?
L: Lan moo wute ci ni ñu tontoo ci tele bi ak balaa ñu doon seetaan tele manaam bi ñu doon def seen liggéey?

Dëgg la, nungi gis njiiti adduna bi ci gox yepp di wax ci mbirum soppeeku kilima bi. Gis nanu ab ñakka déggó ci diggante njiit yi ak njaboot yile.

Q: Noo leen di tekke baatu soriwaay?
A: Ñakka déggó mooy jafe-jafe walla fitna bi am jóge ci fewéélu bi am ci dig gante ñaari boor.
Q: Lutax njoboot gii wara mëna yëg ñakka déggó googu?

4 WAXTAAN AK KI NEKK SA WET (10 SIMILII)

Jëfandikool kart bi nu leen jox ngir ngeen mëna xam fi "Baaraas bu Grand Renaissance bu Ethiopie" (GERD) nekk.

L: Mën ngeen wone Ethiopie ci kart bi?
L: Lan mooy baaraas te naka lañu koy jëfandikoo ngir wut ci eneersi?
L: Eneersi bi di jóge ci baaraas bi lan lanu mëna jox?
L: Fan la dexu Nile bi tambale te fan la jeexe? Kan la baaraas bi di gëna laal?

Dajalewaat mbooloo mi.

L: Naka la ñi ñakkum kuraŋ ci seen dund ci rééwum Ethiopie ni njaboot googu ci film bi mëna jote ay xibaar ci mbirum baaraas bi?
L: Ci film bi kan ngeen gis ne mooy dogal?
L: Ci naka la, su fekkee am na, waa Ethiopie menee bokk ci teral yi nuy amal ci birum baaraas bi walla ci yeneen teralin ci walla jafe-jafe yi nekk ci kilima bi?

5 AKTIWITE: GIS-GIS CI ÑAARI EKARAN (20 SIMILI)

Ci Aktiwite bii danuy jëfandikoo ay baat yu jóge ci film bi ngir xam bu baax ñakka déggó yooyu nu gis.

Naod Lemma, te muy defar ay film, dafa jëfandikoo ñaari ekeran, bumu tuddee "Film bu naari ekaran", ngir mëna wone ay gis-gis yu bari ci benn yoon. Gis nanu ko ci film bi, am na ay yoon yu bari yu nu ko mëna xoole.

Jéégo **1** Waajalal materiel yi. Jangkat yi dinañu soxla ab kayit buy wax ci actiwite yi walla kayit bu amul benn bind ngir ñu mëna am fu ñu mëna desine. Jangkat yi dinañu soxla itam ay bindukaay (karayoŋ, big, markëër, ak yeneen).

Jéégo **2** Jangkat yi dinañu leen laaj ñu liir ay kaddu yu joge ci teere bi te ñu jele leen ci kaddu yi ci film bi. Laajal jangkat yi ñu tann ñaari kaddu yoo xamantane benn bi mooy kontareeru beneen bi ci gis-gis.

Jéégo **3** Laajal jangkat yi ñu tontu ci ñaari kaddu yooyu ñu tann!
L: Lan la njiit bu nekk wara mëna wax njaboot gi nekk seen kër di seetaan?
L: Lan la njaboot gi wara mëna wax?

Jéégo **4** Laajal ñaar ba ñetti jangkat ñu wax ci seen li ñu liggéey ci kalaas bi!

Jéégo **5** Tëj waxtaan wi: Saytu nanu juróómi gis-gis yu jóge ci film bi, te ñoom ñëppa am ay xalaat yu wute ak ay wute-wute yu mëna am
L: Ci kaddu yooyu nu gis ba pare, lutax njaboot gi wara yëg ñakka déggó bi nu waxtaanewoon walla yeneen yëg-yëg yi ngeen wax - jaxasoo, bayyi, ñakka wóólu, ñakka jot ay xibaar, ak mer?

Dëgg la. Njiit yi ñu dégg ñu wax ñoo yore nguur gi, ñoo jiite adduna bi fi nga xamantane foofu uy terale mbir yu bari, te ñuy wax ci ay jafe-jafe yuy laal waa Ethiopie te du leen ci boole.

6 CI JEEXAL (5 SIMILI)

Tay wax nanu ci ay mbir yu bari jóge ci film bi Daregot. Waxtaan nanu ni ñakkum eneersi bi di def ci nit ñi te xool ñakka jokko bi am ci diggante ñi di tëral yoon ak ñi nga xamantane ñoom la yoon yooyu di laal.

Laaj ngir tëj waxtaan wi:

L: Ban fann ci film bi walla jangat tay ngeen gis te mu amal leen njëriñ? Lutax?
L: Naka la artist bi wone jafe-jafe yi jaarele leen ci ni mu jëfandikoo ñaari ekeraŋ?
L: Lan ngeen jang ci Ethiopie tay, ci ay nitam ak li wër rééw ma?
L: Naka la sunu jangat mii yokke seen dégg-dégg ci wallu ñakkum eneersi?
L: Ndax am ngeen yeneen laaj walla loo leen ciy yokk balaa ñuy tëj sunu waxtaan wi tay?

FARAMFACE BAAT YI:

Ñi Bokk Dëkk: Nit ñu daje bokk dëkk ci genn gox walla am li ñu bokk.

Soppeeku kilimaa bi: Ab soppeeku ci ni kilimaa di deme ci adduna bi walla ci gox bu gëna ndaw, lu ci ëpp soppeeku bi doore ci téémééri at yii jall te ñu jagleel ko yokkutéém saxaar si ci kaw jawu ji te mu jóge ci nit ñi ci seen jëfandikoo petarol ak yu ni mel.

Baaraas: Ab ñag bu ñu tabax ngir tëye ndoxub dex ngir dooleel ko ngir mëna fexe ba am ci kuraŋ walla ndox mu sell.

Ñakka jokkoo: Dog-dog bu am ci diggante ñaari boor.

Ñakka déggó: Fitna walla jafe-jafe bi am jóge ci fewéélu bi am ci diggante ñaari boor.

Kattan/Eneersi: Doole buy joxe leeral, tangaay walla kuraŋ

Ñakkum Eneersi: Ñakka jot ci eneersi yu bees yi ak li mu àndal.

Ñi jiite politik bi: Nit ku yengu ci wallu politik.

Jëflante ci diggante boroom doole ak kii ñakk doole: Ni nit ñu bokkul walla ab mbooloo di jëflantee te benn boor bi ëpp doole beneen boor bi.

Beesalaat: Fexe ba mu beesaat, defaruwaat, delloo ko nu mu meloon, te am yéene fexe ba mu baax ci kaw li yaquwoon walla li nu ñakk.

NJIIT YI:

Greta Thunberg: Waa Suede la tey yëngu ci walla environment te ñu raññe ko ci adduna bi yëpp ndax dafa tëkku njiiti adduna bi ngir ñu jël ay matuwaay ci soppeeku kilimaa bi. Thunberg ku yëngu la ci adduna bi bi mu amee fukki at ak juróóm ba léégi.

Ban Ki-moon: Nitu politik ak dipolomat la jóge ci Coree du Sud te nekkoon njiitu ONU weeru sanwiye 2007 ba weeru desambar 2016.

Sahle-Work Zewde: Nitu politik la waaye itam mooy jigéén bu njëkka nekk njiitu réewu Ethiopie.

Donald Trump: Nit ku siiw ci tele bi la itam dafay yëngu ci walla business te mu nekkoon ñeent fukkeelu njiitu réewu Amerik ak juróóm.

LI CI YOKKU: KART

LI CI YOKKU: KADDU YI (CI NI ÑUY ÑËWEE)

> Li ma leen di wax mooy ne dinanu leen teg bët. Yeen ndaw ñi dangeena ñëw ci ñun ndax yaakaar bi ngeen am ci ñun. Su leen neexee. Sacc ngeen samay gént ak sama ndaw ak seeni dig yu nekkul.
>
> *- **Greta Thunberg**, fukki at ak juróóm benn, doon wax ci ndaje mi amoon ci ONU ci New York ci mbirum soppeeku kilima bi ci ñaar fukki fan ak ñett ci weeru septambar ci atum 2019*

> Bi ma nekkee xale bu ndaw ci Korea dama magg ci jamono ju nga xamantane amuñuwoon kuraŋ. Ba bi ma tambalee ci iniweersite ci atum 1963, dama waroona jang te ma waroona dund ci lëndëm, ak lampu petarol.
>
> *- **Ban Ki-moon,** Njiitu ONU doon joxe ay matuwaay ci ndaje mi amoon ci Santar bu Yoquteeg Adduna bi ci bésu ñaar fukki fan ci weeru Awaril ci atum 2012.*

> Kilifag reew mi, nungi jankoonteel ak ay jafe-jafe ak soppeekug kilimaa bi. Soppeekug kilimaa bi lu am la, di galankoor yoqute, ak dund bi, di ñu soppeekuloo "resource" yi te ñuy teggiloo yoonu yoqute. Te tabaxug baraas bu mag ba ca "Ethiopia" ci dexu Nil bu bulo bi, dafay joxe kuraŋ ngir may sunu mbokk yi ñi ñu mënee reeree ci leerayu lamp li mu néew néew.
>
> *- **Sahle-Work Zewde,** njiitu rééwu Ethiopie di wax ci waxtaan mu mag mi amoon ci juróóm ñaar fukkeelu ndaje ak ñeent mu "Assemblee General" bu ONU ci New York ci bésu ñaar fukki fan ak juróóm benn ci weeru septambar ci atum 2019.*

> Kon, mbir mi nekkal nañu ko, te dafa nekk lu tiitlu ndaxte Egypt du mëna dunde noonu, te dinañu mujje yaq baraas bi. Te wax naa ko, te wax naa ko ci kaw ba mu leer - dinañu yaq baraas boobu. Te dañu wara def dara, te loo mëna def rekk ba fexe, um, waa Ethiopie def loolu, te dinañu ko wara def, lu baax la?
>
> *- **Donald Trump,** NJiitu rééwu Amerik doon wax xalaatam ci woote bi mu amoon ak Njiitu nguuru Sudan di Abdella Hamdok ci bésu ñaar fukki fan ak ñett ci weeru Oktobar ci atum 2020.*

GIS-GIS YI NEKK CI FILM BU ÑAARI EKARAN (AKTIWITE)

NAOD LEMMA
DAREGOT

1. Tannaal ñaar ci gis-gis yi nga xam ne danga gis ne bokkuñu walla dañu wute, def leen ci #1 walla # 2 ci suuf.
2. Tontul ci kaddu yi la sa yombalkat bi joxoon walla ci gis-gis yii nga am ci film bi.

Gis-Gis yi	#1	#2
Greta Thunberg		
Ban Ki-moon		
Sahle-Work Zewde		
Donald Trump		